## ТАСВИРИЙ САЪНАТ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНҒА ЧАНГ САЗ ӘСБАБЫНЫҢ КИРИП КЕЛИЎ ТАРИЙХЫ

***Жуманиязов И.Р.***

*Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясы Нөкис филиалы ў.ў.а. профессоры.*

**Tayanch so`zlar:** chang, cholg`u, xalq cholg`ulari orkestri, ansambl, ustoz-shogird, rekonstruksiya, musobaqa, konsert.

**Ключевые слова:** чанг, инструмент, оркестр народных инструментов, ансамбль, педагог-ученик, реконструкция, конкурс, концерт.

**Key words:** chang, instrument, folk instrument orchestra, ensemble, teacher-student, reconstruction, competition, concert.

Бул саз әсбабы Өзбекстан аймағына кирип келместен алдын қалай пайда болган? Деген сораўға төмендегише жуўап излеймиз. "Әййемги дереклерге көре XV-XVЫЫ әсирлерден баслап «Чанг» сөзи өмиримизге кирип келе баслаған. Кирип келеменге шекем болса «чанг» сөзи өзбек ҳәм тәжик музыка мәдениятында пүткиллей басқа әсбап, яғный Европаша тырнап шертилетуғын «арфа» сөзи түсинилген"[1; 569-бет].

Өзбек музыка мәдениятының ески саз әсбапларынан бири болған чанг сазын изертлеўлер орайына көтерилди ҳәм С.Диденконың басламасы менен әсбапты рекострукция қылыў жумыслары баслап жиберилди.

«1938 жылы С.Диденко, А.Кевхаянца, А.Петросянц ҳәм В.Романченколар бригадасы Хамза атындағы Ташкент мәмлекетлик билим журты устаханасында толық хроматиклық даўыс қатары «до» биринши октавадан «ре» дьез үшинши октаваға дейин қәлиплестириўге еристи. Чанг әсбабын қурамалы қәлиплестириўдеги изленислер даўам етти. 1943-жылы Ташкент мәмлекетлик консерваториясы қасындағы өзбек музыка әсбапларын қәлиплестириў ушын тәжрийбе лабораториясы ашылады. Чанг трапеция формасындағы корпус ҳәм оған орнатылған ағаш дакадан ибарат. Оның полат сымлары декадағы тийеклер үстинен тартылған болып, шеп тәрепи темир илмеклерге, оң тәрепи болса темир қулақларға бириктирилип, сазлаў ушын арнаўлы гилиттен пайдаланады. Атқарыўшылардың отырып шертиўине қолайлық жа-

ратыў ушын чангда қолайластырылған аяқлар ислеп шығылған. Чанг бамбук терегинен жасалған ҳәм оған резина ямаса филтс орнатылған арнаўлы шөп пенен шертиледи. Ол жетерли, бәлент ҳәм узақ созылымлы даўыс береди. Оның динамикалық қолайлықлары ҳәм техникалық тәреплеме мүмкиншиликлери жүдә кең. Реконструкция қылынған чангниң даўыс көлеми кеңейтилип, даўыс қатары «соль» киши октавадан «соль дьез» үшинши октаваға шекем созылды. Оған арнаўлы даўыс өширетуғын қурылма орнатылды. Устаз Фахриддин Содиқов чангди хроматикалық дүзилисине келиўинде үлеси үлкен болды. Сол себепли А.И.Петросянц басшылығында чанг сазы реконструкция исленди [2; 267-бет].

Өзбекстан аймағында чанг әсбабында атқарыўшылардан Рўзиматхон Исабоев, Бахтиёр Алиев, Тилаш Хўжамбердиев, Фахриддин Содиқов, Темур Маҳмудов, Аҳмад Одилов, Матюсуф ҳәм Фозил Харратовлар, Өзбекстанда хызмет көрсеткен артистлерден Т.Отабоев, Фазилат Шукурова, Тохир Собиров ҳәм басқалар танылған.

Бул саз әсбабының Қарақалпақстан Республикасына кирип келиўинде Жапақ Шамуратов атындағы Нөкис мәмлекетдик көркем өнер билим журтына Самарқанд ўалаятынан келип, чанг саз әсбабында сабақ берип, өзиниң мийнет искерлигин қарақалпақ көркем өнери менен байлаған Илясов Измухан менен байланыслы болды.

Илясов Измухан қарақалпақ көркем өнерине чанг әсбабын алып кирген шахслардың бири болды. Кейин ала бул әсбапты оның шәкиртлери ен жайдырыўда өз үлеслерин қосып, мәмлекетлик халық сазлары оркестрлери менен бир қанша жетискенликлерге бөленип, устаздың даўамшылары деген ҳүрметли атаққа ийе болып, кимиси пенсияға шыққан болса, және бири педпгогика тараўында илимий атақларға бөленген. Устаз Измухан Илясовтың Қарақалпақ көркем өнеринде жетистирген шәкиртлери менен жақыннан танысып өтсек.

Атап айтатуғын болсақ Измухан аға Илясовтың шәкиртлеринен Нурниязов Марат. 1952-жылы 2-июль күни Қарақалпақстан Республикасы Шымбай районы Қ.Аўезов савхозы, Энгельс бөлиминде орта ҳал шаңарақта туўылған. 1969-1970-жыллары Нөкис музыка-хореография училищесиниң халық сазлары бөлимине чанг саз әсбабына оқыўға түсип, 1972-жылы армия қатарына алынып, еки жыл әскерий оркестрде хызмет етиўине байланыслы 1974-жылы хызмет сапарынан келип, өз оқыўын даўамлайды ҳәм 1975-жылы табыслы тамамлап шыққан [3].

**Пирлепесова Тамарахан.** 1955-жыл 10-февраль күни Қарақалпақстан Республикасы Қараөзек районы А.Досназаров бөлими Энгельс совхозында туўылған.

Жаслайынан мектепте оқып жүрген дәўирлеринен «Қырық қыз» дуўтаршылар ансамблине қатнасып жүрген, устазы Сония Махаммаддиновадан дуўтар сырларын үйренип барған, ансамбль менен Москва ВДНХда концертке қатнасқан. 1969-жылы Ташкентте өткерилген декадада ансамбль менен қатнасып, 1972-жылы Ташкентте өткерилген «Марҳабо – талантлар» фестивалында халық сазлары оркестринде «Қара жорға» намасының солисти болып шығыўға мияссар болған. Сол жылы 10-класты питкерип, Нөкис музыка-хареография учелищесине имтихансыз қабыл етилген.

Халық сазлары бөлиминде чанг саз әсбабына оқыўға түсип, И.Ильясовта 1-курста, С.Махаммаддинова 2-курста, Клим Аймбетовта 3-курста, С.Махаммаддиновада 4-курсында тәлим алып питкерип шыққан.

1971-жылы 10-класта оқып жүрген ўақтында Қарақалпақстан Республикасы радио еситтириў комитетине дуўтаршы қызлар ансамблине жумысқа кабылланған. 1973-жылдан баслап халық сазлары оркестрине чанг әсбабы бойынша қәнигели сазенде болып жумысқа бекитиледи. 1971-2009-жылларда халық сазлары оркестринде 38 жыл жумыс ислеп ҳүрметли дем алысқа шығады. Сол жыллар аралығында концерт фонетекадағы магнит ленталарына жазып алынған запислердиң барлығында үлеси бар деп билемиз. 1992-жылы искусство коллежинде де қосымша музыка сабағын өтиў ушын дуўтар, чанг хәм шыңқобыз пәнлерин оқытып, 17 жыл жумыс ислеген.

1982-жылы Татарстанда өткерилген декадаға қатнасып, сол жылы Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист атағы менен сыйлықланады. Себеби, сол ўақыт аралығында Қарақалпақстандағы чанг саз әсбабының ҳаял қызлар арасындағы биринши жетик сазенде еди [4].

**Жуманиязов Искандер.** 1960-жылы 14-июль күни Қарақалпақстан Республикасы Нөкис қаласында жумысшы шаңарағында дүньяға келдим.

Мектеп дәўирлеринде туўысқан ағам Арслан Жуманиязов пенен пионерлер үйине рубаб бойынша кружокқа бирге ерип барып, еситкен намаларды өзимше рубаб әсбабында шертиўди озлестире басладым.

1975-жылы Нөкис Мәмлекетлик көркем-өнер училищесиниң халық сазлары бөлиминиң қәнигелиги чанг әсбабы бойынша оқыўға кирип, сол ўақытлары чанг бойынша қәниге оқытыўшы болмағанлығы себепли, дуўтар саз әсбабы қәнигели сәзенде-педагогы Соня Мухамеддинова устазлық етти. үшинши ҳәм төртинши курсты Қарақалпақстан республикасына ҳызмет көрсеткен артист Зийнатдин Абдуллаевта тәлим алдым, ол рубаб саз әсбабы бойынша қәнигели сәзенде-педагог, солай болса да чанг әсбабы бойынша устазлық етти.

1979-жыл оқыўды табыслы тамамлап, сол жылдан баслап Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик телерадио еситтириў қасындағы ҳалық сазлары оркестринде, кейин ала ҳалық сазлары ансамблинде сазенде болып жумыс иследим.

1983-жылы Мухтар Ашрафий атындағы Ташкент мәмлекетлик консерваториясының «Халық сазлары» факультетине оқыўға түсип, хожалық жағдайларына байланыслы оқыўды сыртқы бөлимде даўам етип, Қаракалпақстан Республикасы Мәмлекетлик телерадио еситтириў қасындағы ҳалық сазлары оркестринде сәзенде болып жумысымды даўам еттим. 1987-жылы Жапақ Шамуратов атындағы Нөкис мәмлекетлик көркем-өнер училищесиниң ҳалық сазлары бөлимине «Чанг» саз әсбабы бойынша оқытыўшы лаўазымына жумысқа шақырылады. Училищеде көплеген жасларға билим берип, чанг қәнигелиги бойынша жаслар жетилисип шыға баслады.

1997-жылы Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында аға оқытыўшысы, 2000-жылы «Музыка, сүўретлеў-өнери» факультетинде оқыў ислери бойынша декан орынбасары, 2001-жылы усы факультеттиң деканы ҳәм таңлаў тийкарында бес жыл мүддетке кафедра доценти ўазыйпасын атқарыўға сайланады. 2005-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалык институтының айырым кафедраларының бириғиўине байланыслы «Музыкалық тәлим» кафедрасы баслығы лаўазымына тастыйқланады. 2010-жыл 30-сентябрь 167/1-сон баяннама тийкарында Өзбекистан Республикасы Жоқары аттестация комиссиасы тәрепинен доцент илимий атағын алып, 2015-жылдың 2-сентябринен 2022-жылға шекем Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Музыка тәлими» кафедрасында ҳәм Қаракалпақ мәмлекетлик университетиниң «Көркем өнер» кафедрасында 2020-2023 жыллар аралығында доцент лаўазымында ислеп келдим [5].

2023-жылдын 4-сентябринен баслап Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясы Нөкис филиалында тийкарғы штатта профессор ў.ў.а. лаўазымында жумыс ислеп, усы күнге шекем коплеген шәкиртлерди шығарып, бүгинги күнде оқыўшыларымның барлығы айтарлықтай жоқары мағлыўматқа ийе.

Чанг саз әсбабы бүгинги күнде халық сазлары оркестриниң ажыралмас бөлеги болып, оны Қарақалпақстанда кеңирек ен жайдырыўда Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясы Нөкис филиалының шөлкемлестирилиўи айырықша орын ийелейди. Бул саз әсбабында филиалымызда бүгинги күнде 1-2-3-курс студентлери тәлим алып, Халық аралық ҳәм Республикалық көлемдеги көрик таңлаў ҳам концертлерде мүнәсип қатнасып келмекте.

Усы излениў барысында Қарақалпақстан Республикасында “Чанг” саз әсбабының пайда болыўы ҳәм ен жайғанлығы ҳаққында шежире дүзип

шығыўға еристим, бул шежирени келешек әўлад чанг сәзенделери ушын, саздың қалайынша бүгинги күнде Халық сазлары оркестриниң ажыралмас бөлеги екенлигин аңлап жетиўине хызмет етеди деп ойлайман (1-схема).

**Әдебиятлар:**

1.Юлдошев Ғ., Тоҳиржонова Ш., "Чанг чолғусининг келиб чиқиш тарихи" – Ориэнт Арт анд Султуре журнали., 569-бет.

2.Ҳожимаматов А. «Чанг чолғуси тарихига бир назар ва унинг орнаментал безаклари» - ориэнтал ренаиссансэ: инновативе эдусатионал, натурал анд сосиал ссиэнсэс., 267-бет.

3.Нурниязов Мараттың қол жазба материалы.

4.Пирлепесова Тамараханның қол жазба материалы.

5.И.Жуманиязовтың қол жазба материалларынан.

**РЕЗЮМЕ**

Ushbu maqolada chang asbobi, chang asbobining shakllanishi va rivojlanishi, uning Qoraqalpogʻiston Respublikasida joriy etilishi tarixi va rivojlanishi, shuningdek, chang asbobini rekonstruksiya qilish boʻyicha olib borilgan ishlarning yutuq va kamchiliklari haqida soʻz boradi. asrning ikkinchi yarmida. 1930-yillar muhokama qilindi. Mutaxassis sozandalar tomonidan olib borilgan ilmiy izlanishlar bu qoʻshiqni xalq cholgʻulari orkestrining ajralmas qismiga aylantirdi. Bugun mamlakatimizda amalga oshirilayotgan islohotlar ta'sirida innovatsiyalar, bunyodkorlik gʻoyalari shakllanmoqda. Oʻzbekiston davlat konservatoriyasi Nukus filialida ushbu cholgʻuga talabning yoʻlga qoʻyilgani chang cholgʻu asbobida oʻqitishga boʻlgan talabning kuchliligidan dalolat beradi. Qoraqalpogʻiston Respublikasida ushbu cholgʻuning tarixi va muvaffaqiyati haqida toʻliq ma'lumotlar shakllantirilib, cholgʻu asbobiga boʻlgan qiziqish va talab tobora ortib borayotganiga guvoh boʻlamiz.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье речь идет о пылевом инструменте, становлении и развитии пылевого инструмента, истории и развитии его внедрения в Республику Каракалпакстан, а также об успехах и недостатках работ по реконструкции пылевого инструмента, проводившихся во второй половине в. Обсуждались 1930-е годы. Научные исследования, проведенные музыкантами-экспертами, позволили сделать эту песню неотъемлемой частью оркестра народных инструментов. Сегодня под влиянием реформ, реализуемых в нашей стране, формируются инновации и творческие идеи. Тот факт, что спрос на этот музыкальный инструмент установлен в Нукусском филиале Узбекской государственной консерватории, свидетельствует о силе спроса на обучение на порошковом музыкальном инструменте. Сформируется полная информация об истории и успехе этого музыкального инструмента в Республике Каракалпакстан, и мы увидим, что интерес и спрос на музыкальный инструмент все больше возрастают.

**SUMMARY**

This article is about the dust instrument, the formation and development of the instrument, the history and development of its introduction into the Republic of Karakalpakstan, and the successes and shortcomings of the reconstruction works carried out on the dust instrument in the second half of the 1930s were discussed. The scientific research carried out by expert musicians has been revealed in order to make this song an integral part of the folk instruments orchestra. Today, under the influence of reforms implemented in our country, innovations and creative ideas are being formed. The fact that the demand for this musical instrument is established at the Nukus branch of the Uzbekistan State Conservatory indicates the strength of the demand for learning the powder musical instrument. Complete information about the history and success of this musical instrument in the Republic of Karakalpakstan will be formed, and we can see that the interest and demand for the musical instrument is increasing more and more.